

18

desanm

(Jezi di :) Mwen p ap janm mete moun ki vin jwenn mwen yo deyò. Jan 6. 37

Gen plas toujou. Lik 14. 22

Plas vid

Nan vil Lübeck, nan peyi Almay, genyen yon bèl legliz, ki ansyèn anpil. Ou ka wè nan legliz sa a, yon tablo ki moutre sèn krisifiksyon Jezi, se Hans Memling ki te fè tablo sa a nan 15e syèk. Se yon tablo trè vivan : li moutre yon foul moun, an dezòd ou ka wè moun ki sou cheval ame ak lans, kèk sòlda k ap fè tiraj osò pou yo pataje rad Jezi yo antre yo, kèk vizaj k ap fè tapaj, kèk lòt vizaj moun ki tris, oubyen kèk nan yo k ap kriye... Sou tèt espektak sa a, genyen 3 kwa ki kanpe.

Avèk yon ti kras atansyon ou k ab dekouvri yon detay ki etone w. Nan mitan gwo foul moun sa yo k ap fè bri ak dezòd, anba pye kwa Kris la, genyen yon plas vid. Nan ki entansyon pent lan fè sa ? Kisa li te vle eksprime ? Eske li te rezève plas sa a, tou kole avèk Kris la pou li menm ? Oubyen èske li te vle di : “Isi a, anba pye kwa Jezi a, genyen yon plas lib, ou ka pran li si ou vle”.

Pran plas ki lib la, se kwè sa levanjil la di, aksepte Jezi Kris te mouri pou peche nou yo. Se li menm ki te pran plas nou lè li te dakò moute lakwa a, se nou ki te merite kondane. Wi genyen yon plas lib pou mwen anba pye Jezi sou kwa a, konsa tou mwen gen yon plas lib akote li nan syèl la. Pou ou menm tou genyen toujou yon plas lib.

*Redanmtè monn lan
Se pou yo te krisifye ou
Lanmou ou, gras ou ap bebòde
O gloriye resisite !*

18 décembre

(Jésus dit :) Celui qui vient à moi, je ne le mettrai pas dehors. Jean 6. 37

Il y a encore de la place. Luc 14. 22

La place vide

Dans la ville de Lübeck, en Allemagne, se trouve une belle église, très ancienne. On peut y voir un tableau de la crucifixion, peint par Hans Memling au 15^e siècle. Ce tableau est très vivant : on y voit une foule de personnes, pêle-mêle des cavaliers armés de lances, des soldats qui tirent au sort pour se partager les vêtements de Jésus, des visages moqueurs, d'autres empreints de tristesse, certains même en pleurs... Au-dessus de ce spectacle se dressent trois croix.

Avec un peu d'attention, on découvre un détail surprenant. Au milieu de cette cohue, au pied de la croix de Jésus, il y a une place vide. Quelle était l'intention du peintre ? Qu'a-t-il voulu exprimer ? Se réservait-il cette place de proximité avec Christ ? Ou bien voulait-il dire : "Ici, au pied de la croix de Jésus, il y a une place libre, tu peux la prendre si tu veux".

Prendre la place libre, c'est croire ce que dit l'évangile, accepter que Jésus Christ est mort à cause de nos péchés. Il a été notre remplaçant quand il a pris sur lui la condamnation que nous méritions. Oui, il y a eu une place libre pour moi au pied de la croix de Jésus, et par là une place libre auprès de lui dans le ciel. Pour vous aussi, une place est toujours libre.

*Rédempteur du monde,
Pour nous tu fus crucifié.
Ton amour, ta grâce abondent,
Ô glorieux Ressuscité !*